Rewum Italie

MINISTERO DELL'INTERNO

euaa EUROPEAN UNION AGENCY FOR ASYLUM

# SAY ÀQ AK SAY YELLEEF CI ÑU DALAL LA



**Xibaar bii soxal na la bu fekkee ni:**

- **Ab mag nga (ku am lu ëpp 18 ci ay at)**
- **Yëgaloon nga kilifa réew mi ni danga bëga bindu ngir am kaarange bitim réew (ñu gën ko xamee ci làqquwaay) ci rewum Italie e tamit bindu nga ba noppi ngir am kaarange bitim réew.**


**Yaa ngi ci kaarange ci biir réew mii.**

WOLOF

# LAN MOOY DALAL?

Dalala mooy ndimbal yi ngay am boo bindoo ci diir bi ngay xaarandi kilifa nguur gi saytu sa bindu ngir kaarange bitim réew. Bokk na ca àq yi ak yelleef yi ci wàllu dalal ak wareef yi ñu la leeralal ci biir téere bii.

Ci rewum Italie kilifa bi yore mbiri dalal bi mooy Kilifa yi yoor wallum karangue birr rew bi  ak wallum gane yi nieuw si biire rewmi— kilifa yi tewal nguir gui si deuk bingua nekk (préfecture).
Kilifa yi tiaytou sa ladiou kiray  moy mbotayou borom kham kham ci walou bobou yi nekk si deuk bi.



Ligéeykat yi dinañu sàkku ci yaw nga saxal te xaatim ni jot nga xibaar yi nekk ci téere bii. Di nga jot ay xibaar yu gëna yaatu laata ngay bindu.

Ab **firikatu** làkk dina la dimbali nga wax ak ligéeykat yi nekk ci centre bingua nekk ci làkk boo degg, bu ko laajee. Firikatu làkk bi du nettali kenn li nga wax.

**Di nga am ay xibaar ci doxalinu mbiri làqquwaay ak tërëlin yi ñu wara topp ci yeneen teere.**

Mën nga sàkku tamit ci yeneen kureel ay xibaar ak ay ndimbal ci lu amul fay. Mën nga gis fi ñu bind kureel yi ci njeextalu téere bii.

**Yaa ngi léegi ci rewum Italie mi nga xam ni bokk na ci Réew yu booloo yu Órob wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin.**
**Réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin ñooy:**

- 27 réew yi bokk ci Réew yu booloo yu Órob (EU): Austria, Belgium, Bulgaria, Croatia, Cyprus, Czechia, Denmark, Estonia, Finland, France, Germany, Greece, Hungary, Italy, Latvia, Lithuania, Luxembourg, Malta, Netherlands, Poland, Portugal, Republic of Ireland, Romania, Slovakia, Slovenia, Spain, Sweden and
- Yeneen 4 réew: Islande, Liechtenstein, Norvège, Suisse.

## Ñu bàyyi ci xel!

Am na ay tërëlin ci mbiri bindu mi ngir làqquwaay ak ci mbiri tukki ci yeneen réew yu réew yu booloo yu órob wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin.


- **Yaa ngi wara sàkkuwee làqquwaay ak bindu wee ci benn réew mu bokk ci réew yu booloo yu Órob wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin mi nga njëkka dal**, ludul kilifa ya dañu sàkku ci yaw laneen.

- **Benn ci réew yu booloo yu órob wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin rek ñoo wara saytu sa mbindu ngir làqquwaay.** Kilifa yi ci rewum Italie dinañu topp tërëlin yi ngir jël dogal ban ci réew yu booloo yu órob wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin moo wara saytu sa bindu ngir làqquwaay.

- **Da nga wara dalandi ci rewum Italie. Mënuloo tukki ci beneen réew mu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ludul ndigalu kilifa yi.** Boo demee, dina waral ay jeexital yu baaxul. Say toppatoo ngir am làqquwaay ci rewum Italie mën nañu ko dàkkal. Sa sañ-sañ ci dem ak dikk ci beneen réew mën nañu ko tënk te yenn ndimbal yi dina ñu ko taxawal.

## LAN NGAY JOT?

[*Wax ji mën nañu ko dëppale ci bu ñu sukkandikoo ci yooni réew mi ak ay doxalinam.*] Bu ñu sukkandikoo ci sa tolluwaay wala ci sa am-am ci wàllu alal, di nga jot:



- dëkkuwaay



- ay jumtukaay ci wàllu setu yaram



- dund



- ay yére





- xaalis ngir faj say soxla

Kilifayi tewal nguour bi  ci deuk bingua nkk meune nanioula ladj nguir meune kham sa tollouway si wallum cööm.
Yangui meuneu am ndimbale ci fi kilifa yi wakh ni fofou mo meuneu nekk.


## SAÑ-SAÑ CI ÑU TOPPATOO SA WERGI YARAM



Kilifa yi dinañu warlu ci nga jot **toppatoo wergi yaram bi war.**

Mën an am nga ab saytu wergi yaram ak ab doktoor wala fajkatu jigeen. Dina ñu saytu sa wergi-yaram ba noppi dimbali la.

## XAMALAL LIGEEYKAT YI BU FEKKEE NI:



- amaguloo 18 ci ay at ba noppi nga ñëw àanduloo ak say waajur, moo xam yaw rekk la wala danga ànd ak yeneeni mbokk
- danga tawat wala nga ame ay gaañ-gaañu
- danga ëmb wala dangaa mel ni ku ëmb
- danga am mbokk mu soxla ay ndimbal yu ñu rààñee
- danga amee laago
- dangay amee tiis lu bari, njàqqare, doo mëna nelaw wala dangay am ay xalaat yu bonn
- dañ la sakkuwoon
- sa xel dalul wala dafa am kooy ragal
- danga nekk ci tolluwaay buy laaj ndimbal.

**Mën nga wóolu ligeeykat yi te wax ak ñoom ci xel mu dal ngir ñu mën laa dimbali**. Xibaar yepp dinañu leen denc ci sutura, maanaam duñu leen jox kenn ci ludul sa ndigal.

Bamu dess bu fekkee ni sa bakkan wala bosu keneen daf ci aju.

## SAÑ-SAÑU JÀNG ÑEEL XALE YI

Xale yepp, góor ak jigeen, yu amagul 18 ci ay at ] am nañu sañ-sañ ci jàng.





## SAÑ-SAÑU LIGEEY AK CI JÀNG

Buñu sukkandikoo ci sa tolluwaay, di nga mëna am sañ-sañ ci rewoum Italie ci kaw ay sàrt. Ligéeykat yi dinañu la xamal ci sàrt yan nga mëna amee ligeey.

Dinañu la xamal tamit yan xeetu xam-xam nga mëna jàng.







## FAN NGAY DAL?

Kilifa yi yoor wallum dalal bi,  kilifa yi yor wallum immigration, gni yor walum biir rewmi akk karangue bi, akk gni tewal nguir bi si d'édulcorer bingua nekk dinañu la wax fan ngay dal te dinañu la leeralal sàrt yi.
Berab bi ngay dal ci diir bi ñuy saytu sa bindu ngir am kaarange bitim réew mi ngi aju ci sabab yu bari.



## Ñu bàyyi ci xel!

Kilifa yi mën na am ñu dogal ni **danga wara nekk ci berab bu am kaarange** (ci misaal ci berabu dalalukaay bu am kaarange).

Dinga mëna jogee ci berab boobu ci kaw ay sàrt yu lay tënk. Sa teeway ci berab boobu dina gëstu yenn saay.



**Moo xam foo mëna dal, am nga sañ-sañu:**



- Nekkal ci kaarange: amul kenn, ba ci ñu bokk ci ligeeykat yi, ñu am sañ-sañ ci dila tiital, dila saaga wala dila gaañ



- **dalal ak sa jëkkar, sa jabar, say doom ak say mbokk yu amagul 18 ci ay at wala ab mag bu nekk sa mbokk bu soxla taxawu bes bu nekk.**
- **dalal ak say mbokk,** bu fekkee ni mag nga bu soxla taxawu bes bu nekk



- wutal ndimbal ngir **wax ak** sa wa-kër te nga **leen jeema gis, boo xamul fuñu nekk.**

## ANAM YI MËNA WARAL ÑU TEEYEE AJI BINDU

Téeye mooy tekki ni ñu teg la ci ab berab boo mënula genn nimula neexee. Kilifa yi warnañu am lu leer ngir mën laa téeye. War na leen wóor ni amul leneen luñu mëna def ci say mbir. Takk der dina jàngat sa tolluwaay balaa muy jël dogal.



Sababu téeye yi mën na nekk, ci misaal:

- yu am solo ci sa mbiri mbindu mi (ci misaal sa xibaari rààññeekaay) mënu ñu ko saytu te fekk téeye wuñu la.
- sàmmonté wuloo ak wareefi dal yi ci ab berab, te mën na am nga daw te kilifa yi duñu la mëna jotaat
- danga jot ab dogal ci ñu yobb la ci réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob yi wala ci réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin bu wara saytu sa bindu mi te fekk ñuy ragal nga daw balaa ñu lay yobbu
- kuñuy ragal nga ci wàllu kaarange.

Buñu la teeyee, am nga sañ-sañ ci ñàkka nàngu dogal bi ci wàllu yoon. Mën nga sàkku taxawu ak teewal ci wàllu yoon ci lu amul fay.



## YAN MOOY SAY WAREEFU DALAL FII ÑU TOLL?

**Yenn ci wareef yi nga wara sàmmuwanteel ñoo nekk ci suuf.**



- Toppal Yooni réew mi.
- Togg si rewum Italie te bul dem ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob yi wala ci réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin ci ludul ndigali kilafa yi.
- Bul joge ci berab bi kilafa yi wax fa nga wara dal te amuloo ci ndigal.
- Sàmmoo akk dokhalinou wa deuk bi
- Xamalal kilifa yi say xibaari jokkoo.

## LAN MOOY XEW BOO SÀMMOOWUL AK SAY WAREEF?

Kilifa yi dinañu saytu sa tolluwaay ci ginaaw loolu dinañu la xibaar ci bepp matukaay buñuy jël.


**Mën nga jot ndimbal** ci misaal boo jogee ci ludul ndigal berab bi la kilafa yi waxoon nga dal wala danga bindu ba noppi ngir am làqquwaay ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob yi wala ci réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin wala danga fa joge.

**Mën nga ñàkk ndimbal li ngay jot** bu fekkee ni da ngay def fitna, dangay fitnaal ñeneen wala doo sàmmoo ak sàrti berab bi nga dal ci ay yoon yu bari wala ci anam yu tar.





## LAN MOOY XEW BOO TUKKEE CI BENEEN RÉEW MU BOKK CI RÉEW YU BOOLOO YU ÓROB WALA CI RÉEW YI ÀND AK ÑOOM CI DOXALIN LUDUL NDIGALU KILIFA YI?




Fi ci rewum Italie

- say toppatoo ngir am làqquwaay mën nañu ko dakkal.

**Ci réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin bi nga dem te amoo ci ndigal:**

- kilifa yi mën nañu jël dogal ci delloo la ci réew mi nga joge te amoo ci ndigal.

Bula kilifa yi yëgalee ni jël nañu dogal ci delloo la, di nga amati yenn sañ-sañ, ci misaal:

- doo too **jotati xeetu ndimbal yu bari.**
- doo too **amati ndigal ci ligeey wala ci jàng ay xam-xam.**

## MËN NGA FËSAL SA ÑÀKKA NÀNGU CI YOON WÀLLU YOON AB DOGAL BU TUKKEE CI KILIFA GI TE MËN NGA AM NDIMBAL CI WÀLLU YOON

Bu fekkee ni kilifa yi dañu fas yeenee dakkal say sañ-sañu aji bindu te nga jàpp ni loolu du yoon, **mën nga bañ dogal bi ci kanamu yoon**.

Dinga mëna am taxawu ak teewal ci wàllu yoon ci lu amul fay, buñu sukkandikoo ci sa tolluwaay. Manaam ab xelalkat ci wàllu yoon wala ab awoka dina la dimbali.

Mën nga saa bu la neexee sàkku ci kilifa yi, mbootay yu ajuwul ci genn nguur wala bànqaas buy saytu mbiri dawlàqqu te aju ci mbootaayu xeet yi (UNHCR) ngir am xibaar yu gëna yaatu, ba ci ag ndimbal ci wàllu taxawu ak teewal ci wàllu yoon ci lu amul fay.

Teere bi ngir joxe ay xibaar rek la. Nekkul ngir joxe ay sañ-sañ ak ay wareef. Mbootaayu Réew yu booloo yu Órob ngir dalal dawlàqqu yi (EUAA) moo joxe lu ëpp ci teere bi, réew yu bokk ci Réew yu booloo yu Órob rek la EUAA may ñu sotti ko wala soppi ko. EUAA amul lenn lumu warlu ci weraayu xibaar yi nekk ci teere bi te tukkee ci réew yu bokk ci kureelu Réew yu booloo yu Órob, ci luñuy wund, ci seen mataay, ci seen dëppoo ak yoon wala ci seem wóoraay. Moo xam EUAA wala kepp ku koy ligeeyal du ñu leen toppee dara ci jëfandiku bu waay mëna def ci xibaar yi nekk ci teere bi.

© European Union Agency for Asylum, 2025